

Chè fanmi,

Ou gen yon timoun ki fèt an 2019? Pa bliye pou aplike pou 3-K avan delè **14 avril 2022 a!** Ou ka aplike sou entènèt nan [MySchools.nyc](https://www.schools.nyc.gov), nan telefòn nan **718-935-2009**, oswa atravè yon Sant Byenveni pou Fanmi ([Family Welcome Center, FWC](https://www.schools.nyc.gov/fwc)).

Èske w te konnen yo fè pwogram 3-K Vil Nouyòk yo nan **kat anviwònman pwogram diferan?** Tout anviwònman yo ofri menm bon kalite kourikoulòm 3-K pou tout timoun Vil nou yo ki gen laj twa ane. Ou ka aplike pou pwogram nan tout anviwònman yo:

- **Sant Edikasyon pou Debitan NYC (New York City Early Education Centers, NYCEEC).** Òganizasyon kominotè sa yo gen ekspè nan edikasyon pou debitan asosye avèk Depatman edikasyon (DOE) pou ofri 3-K.
- **Lekòl Distri.** Kèk lekòl primè leta DOE ofri 3-K.
- **Sant Pre-K.** Sa yo se sant debitan DOE ki ofri sèlman klas ki anba kindergarten
- **Gadri adomisil** Founisè sèvis gadri lisansye ak kalifye yo ofri pwogram 3-K sa yo nan yon anviwonman adomisil.

Yon pwogram 3-K ka ofri jiska **trwa tip plas 3-K:**

- **Plas tout jounen** gratis epi yo ofri swen ak edikasyon pou debitan pou 6èdtan ak 20 minit pa jou pandan ane lekòl la, jeneralman septanm rive jen. Tout timoun Vil Nouyòk ki fèt an 2019 elijib pou plas sa yo.
- **Plas nan pwogram jounen ak ane pwolonje** se pwogram gratis oswa bon mache epi yo ofri swen ak edikasyon pou debitan pandan tout ane a pou jiska 10 èdtan swen pa jou. Elijiblite pou plas sa yo baze sou revni ak bezwen fanmi w. Si w jwenn yon òf pou yon plas nan yon pwogram jounen ak ane pwolonje, ou pral bezwen ranpli yon aplikasyon pou swen timoun pou w ka konfime elijiblite pitit ou a.
- **Plas Head Start** yo gratis epi yo ofri swen ak edikasyon pou debitan pandan tout ane a pou jiska 10 èdtan pa jou. Elijiblite pou Head Start baze sou revni ak bezwen fanmi w. Si ou resevwa yon plas nan yon Head Start, pwogram lan ap travay avèk ou pou konfime elijiblite pitit ou a.

Plas yo limite epi aplikan yo gen priyorite pou ale nan pwogram 3-K ki nan pwòp distri pa yo. Gen plis enfòmasyon nan [nyc.gov/3K](https://www.nyc.gov/3K).

Avèk kont [MySchools](https://www.schools.nyc.gov) ou a, ou ka itilize anyè pou chèche pwogram dapre anviwonman, tip plas, ak lòt opsyon, tankou pwogram nan de lang ak lòt bagay! Log in pou sovgade pwogram ("save favorite programs"), ajoute pwogram nan aplikasyon w lan, epi aplike. Èske w gen kesyon oswa bezwen sipò?

- Voye yon imèl ba nou nan ESEnrollment@schools.nyc.gov
- Rele nou nan 718-935-2009.
- Kontakte oswa vizite yon [Family Welcome Center](https://www.schools.nyc.gov/fwc).

Bon siksè,

Ekip admisyon 3-K, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon 3-K nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://www.schools.nyc.gov/SignUp). Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa tout lis imèl nou an, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.